




## Direktiv pou Defi Lekti Ete a

1. Vizite nenpòt bibliyotèk nan Sistèm Bibliyotèk Piblik Miami-Dade ant 1ye jen e 1ye out 2026, pou w patisipe nan defi a, pran Rejis Lekti e Aktivite Ete pa w epi enskri pou tiraj gran pri a. Ou kapab telechaje yon kopi rejis la tou nan www.mdpls.org/2026SummerReading.
2. Resevwa yon rekonpans ebdomadè pou chak twa liv ou li oswa pou chak twazèdtan ou pase ap fè lekti oubyen ap patisipe nan pwogram bibliyotèk. Nenpòt konbinezon twa aktivite sa yo konte.
3. Konplete tout uit defi ebdomadè yo epi resevwa yon meday Reading Achiever.
4. Tout patisipan enskri ki gen laj 0 a 18 ane elijib pou tiraj gran pri a. Yon sèl patisipasyon pou chak moun ki gen kat bibliyotèk. Tiraj gran pri a va fèt semèn 3 out 2026 la, epi gayan yo va enfòme vè 14 out 2026.
5. Anplwaye Sistèm Bibliyotèk Piblik Miami-Dade pa elijib pou tiraj gran pri a.



Pou plis enfòmasyon e pou w kapab wè lis konplè rekonpans yo ak gran pri yo, eskane kòd QR la, ale sou www.mdpls.org/2026SummerReading oubyen vizite nenpòt bibliyotèk.



Antite patwonaj

AJNFF FAMILY FOUNDATION

MIAMI-DADE COUNTY

Friends of the Miami-Dade Public Library

miami-dade public library system

MIAMI-DADE 250 WE ARE America 1776-2026

# 2026 Defi Lekti Ete



## Noumenm, lektè yo

**1ye jen – 1ye out**





**Patisipe nan defi a epi selebre 250yèm anivèsè Etazini!**

Resevwa rekonpans ebdomadè pandan w ap suiv pwogrè lekti ou epi pwofite amizman nan pwogram bibliyotèk yo. Enskri pou nou antre w nan tiraj gran pri a!

Timoun laj 0 a 18 ane

www.mdpls.org/2026SummerReading



# Rejis Lekti e Aktivite Ete

Chak semèn, konplete nenpòt konbinezon twa aktivite annapre yo:

★ **Li yon liv** ★ **Li pou inèdtan** ★ **Patisipe nan yon pwogram bibliyotèk**

Konplete defi ebdomadè ou, kolore etwal ki koresponn avèk li a, apre sa pote rejis ou nan nenpòt bibliyotèk pou w resevwa rekonpans ou.




**Bravo, ou rive fè l! Defi a fini!**

Reklame meday Reading Achiever ou nan bibliyotèk la.

Non